

Evalyasyon altènatif Leta Nouyòk *New York State* Alternate Assessment (NYSAA) pou ane eskolè 2006/07

KONSANTMAN REFLECHI POU FÈ FOTO AK ANREJISTREMAN NAN VIDEYO OSWA NAN BANN MAYETIK ODYO NAN AKTIVITE OKAZYONÈL POU KAMARAD SALKLAS LA

Pou paran oswa manm fanmi oswa gadyen legal yo :

Pwofesè pitit ou ap bay Evalyasyon altènè Leta Nouyòk *New York State Alternate Assessment* (NYSAA) pou elèv ki nan salklas pitit ou ane sa a. N ap mande w konsantman ou pou kite pitit ou parèt nan foto, bann videyo oswa bann mayetik odyo oswa toulède yon fason ki limite.

NYSAA mande pwofesè ki alatèt edikasyon espesyal yo *lead special education teachers* (LSET) pou yo ranmase travay elèv yo oswa prèv oswa toulède pou yon elèv ki fè yon travay evalyasyon atravè fèy obsèvasyon, foto, videyo oswa bann mayetik odyo. Li kapab nesèsè pou pwofesè pitit ou anrejistre vwa oswa imaj elèv y ap evalye a pandan aktivite salklas la avèk lòt elèv yo ki nan sal la. Kidonk, kapab genyen okazyon limite lè pitit ou kapab parèt nan foto, videyo oswa bann mayetik odyo ki ka fè pati lòt folyo done elèv yo. Tanpri remake nou p ap itilize non pitit ou pou idantifye li.

Siyati w ap mete anba a ap ban nou pèmisyon ou pou pwofesè pitit ou fè foto, videyo oswa bann mayetik odyo ki kapab gen pitit ou ladan yon fason endirèk (okazyonèl) pou devlopman folyo done elèv yo.

Tanpri ekri an majiskil.

NON ELÈV LA (*STUDENT'S NAME*): _____

NON LEKÒL LA (*SCHOOL NAME*): _____

NON PWOFESE A (*TEACHER'S NAME*): _____

Mwen, (non paran oswa manm fanmi oswa gadyen legal)

(*Parent/Family/Guardian's name*), bay pèmisyon pou (non pwofesè a) _____ (*Teacher's name*) fè foto, videyo oswa bann mayetik odyo oswa toulède pou pitit gason oswa pitit fi mwen. Mwen rekonèt vwa oswa foto pitit mwen kapab parèt yon fason limite nan yon lòt folyo done NYSAA elèv yo, men sa p ap idantifye non pitit mwen.

Siyati paran oswa manm fanmi oswa gadyen legal
Parent/Family/Guardian's signature

Dat
Date

REMAK : Distri lekòl la dwe siyen fòmilè sa a epi konsève li nan dosye. Li pa ta dwe soumèt nan folyo done yo.